



Pou Piblikasyon Imedya: 3/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PREMYE PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO PWÒP NAN
ETA A POU RESEVWA FINANSMAN FEDERAL LWA SOU ENFRASTRIKTI
BILATERAL LA**

***Fè pati yon investisman eta ak federal 176 milyon dola nan pwojè enfrastrikti dlo
yo nan 11 konte***

***Anons sa a make dènye aksyon pou amelyore sistèm dlo ak egou New York yo,
redui polisyon dlo ak pwoteje apwovizyonman dlo potab vital yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 176 milyon dola nan asistans finansye pou pwojè amelyorasyon enfrastrikti dlo ki redui risk potansyèl pou sante piblik ak anviwònman an, sa ki gen ladan premye pwojè yo nan Eta New York pou resevwa finansman pou enfrastrikti dlo pwòp nan kad Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la nan Vil Liberty ak Vil Newburgh. Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) la te apwouve finansman nan pri ki ba epi te deja anonse sibvansyon ki otorize aksè minisipal yo nan kapital ki nesèsè pou jwenn kòmanse travay pou pwojè enpòtan pou dlo potab ak egou. Konsèy la te apwouve tou plizyè konvèsyon finansman alontèm ki ofri soulajman nan enterè sou dèt pou minisipalite yo pou pwojè ki fini.

"New York kontinye bay sipò finansye san parèy pou ede kominote yo modènize sistèm dlo yo ak amelyore kalite dlo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ansanm ak investisman nan dlo pwòp nan eta nou an ki pi enpòtan nan peyi a, premye seri finansman Lwa sou Enfrastrikti Bipatit sa a pral ede modènize enfrastrikti dlo nan Liberty ak Newburgh epi amelyore kalite dlo nan tout kominote sa yo".

Nan finansman ki te anonse jodi a, Vil Liberty nan Konte Sullivan ak Vil Newburgh nan Konte Orange ap resevwa premye finansman nan Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la pou enfrastrikti pou dlo pwòp nan Eta New York. Finansman Lwa sou Enfrastrikti Bipatit ki apwouve pou Vil Liberty a gen ladan yon sibvansyon 6.9 milyon dola ak finansman 6.9 milyon dola san enterè akoutèm kòm yon pati nan yon pake asistans finansye 18 milyon dola ki gen ladan tou yon sibvansyon 4.5 milyon dola pou Amelyorasyon nan Enfrastrikti Dlo. Finansman an pral itilize pou elaji ak amelyore Plant Tretman Dlo Ize Swan Lake.

Konsèy la te apwouve tou finansman Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la pou Vil Newburgh, ki gen ladan yon finansman 3.5 milyon dola ak 2.5 milyon dola san enterè kòm yon pati nan yon pake asistans finansye 17 milyon dola ki gen ladan tou sibvansyon ki soti nan pwogram Amelyorasyon sou Enfrastrikti Dlo ak Fon Woulman Dlo Pwòp Eta a. Finansman an pral ede vil la antreprann yon pwojè 31 milyon dola ki pral ogmante kapasite izin tretman dlo ize vil la pou trete sikilasyon tam imid epi pwoteje kalite dlo nan Rivyè Hudson.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal Eta New York la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Anons jodi a mete aksan sou angajman Gouvènè Hochul pou distribiye investisman ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la yon fason efikas ak ekitab. Mwen ankouraje tout kominote yo pou yo travay avèk Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal pou aprann kijan yo ka benefisye nivo istorik resous finansye yo pou enfrastrikti dlo pwòp".

Prezidan Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal Eta New York ak Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Enfrastrikti dlo enpòtan pou ekonomi nou an, anviwònman an ak kominote nou yo. Angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou investi nan modènizasyon ak amelyorasyon enfrastrikti ap bati kominote ki pi solid ak an sante epi kreye travay atravè eta a. Finansman enpòtan yo anonse jodi a pral ede asire minisipalite yo gen resous yo bezwen pou ranplase ak mete ajou vye sistèm dlo yo epi pwoteje kalite dlo".

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Aksè a dlo potab ki pwòp, san danje se yon eleman esansyèl nan kominote ki an sante yo. Avèk investisman sa a nan enfrastrikti dlo, Gouvènè Hochul ap montre yon lòt fwa ankò angajman solid li pou pwoteje ak amelyore sistèm livrezon dlo potab nou yo, epi pou pwomouvwa yon anviwònman ki an sante ak pwòp pou tout Nouyòkè yo".

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Premye finansman sa a ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la pral pèmèt minisipalite yo, ki gen enfrastrikti dlo ki vye, kòmanse pwosesis pou amelyore izin tretman dlo ize yo, pwoteje dlo pou nou bwè ak ranfòse rezistans kont move tan".

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Investisman ki sible, ki efikas epi ki kreye travay ki soti nan Lwa sou Investisman ak Travay pou Enfrastrikti Bipatit ap sikile kounye a pou amelyore vye sistèm dlo-egou yo nan chak kwen Empire State. Soti nan Vil Newburgh rive nan Konte Chautauqua, 176 milyon dola sa a pral fè amelyorasyon enpòtan nan vye enfrastrikti dlo nou, asire fanmi nou yo gen dlo potab san plon, PFAS, ak lòt kontaminan toksik, epi kenbe rivyè ak lak nou yo san debòdman egou. Sa vle di tou travay, travay, travay, ki edifye kominote nou yo ak pwojè ki te dwe fèt depi lontan pou fè dlo New York yo vin pi an sante ak pi pwòp. Mwen fyè pou m fè investisman federal istorik sa a pou m chanje vye enfrastrikti dlo New York".

Reprezantan Sean Patrick Maloney te deklare, "Mwen te ede ekri Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la pou asire w ke chak gason, fanm, ak timoun isit la nan Hudson

Valley gen aksè nan dlo potab ki san danje epi ki fyab. Mwen kontan dèske gen plizyè dizèn milyon ki soti nan fon Lwa sou Enfrastrikti a k ap mete nan travay isit la nan kominote nou yo pou delivre enfrastrikti dlo pwòp, ki gen ladan 17 milyon dola pou Newburgh ak prèske 5 milyon dola pou Poughkeepsie. Sa a se yon gwo zafè epi li mete nou yon pa pi pre pou asire tout Nouyòkè yo gen dlo pwòp yo merite a".

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Mwen fyè pou m anonse finansman enpòtan sa a ki pral ede kominote atravè Hudson Valley jwenn aksè nan dlo potab ki pwòp. Sa gen ladan plizyè dizèn milyon dola nan investisman ki prale Liberty, Newburgh ak Poughkeepsie. Mwen pa ka tann pou mwen travay avèk patnè yo nan gouvènman eta, lokal ak federal yo pandan n ap kontinye pote rezilta pou Nouyòkè yo".

Apwobasyon Konsèy la enkli finansman atravè Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) la ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF) ak sibvansyon yo te deja anonse konfòmman ak pwogram Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo(Water Infrastructure Improvement Act, WIIA) la.

New York te resevwa prèske 207 milyon dola nan finansman dlo pwòp Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la akòde nan Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp pou amelyorasyon nan enfrastrikti dlo pwòp, jan Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an ak Gouvènè Hochul [te anonse](#) sa dènyèman. Se premye vèsman apeprè 427 milyon dola nan finansman Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la ki prale New York pou enfrastrikti dlo pwòp ak potab ane sa a. Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la pral enjekte pwogram finansman Fon Woulman Eta Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal yo avèk lòt finansman chak ane pandan senk ane. Yo prevwa yon lòt 482 milyon dola an 2023 pou enfrastrikti dlo pwòp ak dlo potab. Sibvansyon sa yo konplete prèske 125 milyon dola nan finansman federal regilye pou pwogram Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp nan ane fiskal federal 2023. Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal la ke Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la ka bay apeprè 1.2 milya dola nan finansman san enterè oswa to enterè ki ba ak sibvansyon pou depans pwojè dlo pwòp pandan Ane Fiskal 2023.

Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la ta dwe bay New York yon lòt 220 milyon dola pou Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab pou pwojè dlo potab nan fen sezon otòn sa a, ki konplete 45 milyon dola nan finansman federal regilye pou enfrastrikti dlo potab ane sa a. Depatman Sante a estime ke Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab la kapab bay anviwon 438 milyon dola nan finansman san enterè oswa ak to enterè ki ba ak sibvansyon pou depans pwojè dlo potab yo pandan ane fiskal 2023. Vizite [sitwèb](#) Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal la pou aprann plis sou opòtinite finansman enfrastrikti dlo.

Finansman Pwojè Dlo Pwòp yo Apwouve:

- **Vil Newburgh nan Konte Orange** - 2,568,662 dola nan finansman akoutèm san enterè ak sibvansyon 3,559,825 dola ki soti nan fon Siplemanchè Jeneral Lwa sou

Enfrastrikti Bipatit la, sibvansyon 5,577,500 dola WIIA, ak sibvansyon 5,577,500 dola Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp pou amelyore sistèm koleksyon egou ak izin tretman dlo ize ansanm.

- **Vil Liberty nan Konte Sullivan** - 6,916,000 dola finansman akoutèm san enterè ak sibvansyon 6,916,000 dola ki soti nan Fon Sipleman tè Jeneral Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la, ak sibvansyon 4,500,000 dola WIIA pou elaji ak amelyore Izin Tretman Dlo Ize Lak Swan.
- **Vil Herman nan Konte St. Lawrence** - 2,000,000 dola nan finansman akoutèm san enterè amelyorasyon nan sistèm koleksyon ak tretman dlo ize.
- **Vilaj Adams nan Konte Jefferson** - 3,094,942 dola nan finansman alontèm, san enterè ak sibvansyon 252,779 dola WIIA pou konsevwa ak pote amelyorasyon nan izin tretman dlo ize.
- **Vil Ausable nan Konte Clinton** - 5,348,808 dola nan finansman alontèm, san enterè ak sibvansyon 669,949 dola WIIA pou reyabilite sistèm koleksyon ak izin tretman dlo ize.
- **Vil Chautauqua nan Konte Chautauqua** - 1,822,856 dola nan finansman alontèm san enterè pou dezative Izin Tretman Distri Egou Chautauqua Heights la ak pou konstwi estasyon ponpaj ak konduit prensipal.
- **Otorite Finans Dlo Minisipal Vil New York** - 97,436,193 dola nan finansman alontèm ki gen enterè pou planifye, konsevwa ak konstwi mezi pwoteksyon kont inondasyon ak rezistans nan divès izin tretman dlo ize ak estasyon ponpaj atravè Vil New York nan kad Pwogram Prè pou Rediksyon Tanpèt la.
- **Konte Suffolk** - 6,793,302 dola nan finansman alontèm, san enterè pou pwojè reyabilitasyon estasyon ponpaj dechaj yo nan Izin Tretman Dlo Ize Bergen Point nan kad Pwogram Prè pou Rediksyon Tanpèt la.

Finansman Pwojè Dlo Potab yo Apwouve

- **Distri Dlo South Huntington nan Konte Suffolk** - Sibvansyon 715,500 dola pou kontaminan k ap parèt yo ak sibvansyon 750,000 dola WIIA pou konstwi yon nouvo sistèm tretman pa oksidasyon avanse pou retire 1,4 dyoksàn ak lòt konpoze òganik volatil nan izin No. 10.
- **Vil ak Vilaj Poughkeepsie nan Konte Dutchess** - Yon pake finansman pou yon pwojè konjwen pou amelyore operasyon yon enstalasyon tretman dlo pataje, ki gen ladan amelyorasyon nan sistèm dezenfeksyon ultravyolèt ki deja egziste a, ranplasman sistèm apwovizyonman enèji san enteripsyon ak amelyorasyon nan sistèm HVAC nan galri tiyo a.
 - Vil Poughkeepsie - 1,081,157 dola nan finansman akoutèm nan to mache ak sibvansyon 1,621,568 dola WIIA ki gen ladan pati vil la nan prim 2,952,600 dola pou Komite Dlo Konjwent Poughkeepsie a.

- Vilaj Poughkeepsie - 902,918 dola nan finansman akoutèm nan to mache ak sibvansyon 1,331,032 dola WIIA ki gen ladan pati vil la nan prim 2,952,600 dola pou Komite Dlo Konjwent Poughkeepsie a.
- **Otorite Finans Dlo Minisipal Vil New York** - 9,110,530 dola nan finansman alontèm ki san enterè pou estabilize rivaj Rezèwa Kensico alantou Konduit 18 la nan kad Pwogram Prè pou Rediksyon Tanpèt la.
- **Vil Hornell nan Konte Steuben** - 3,792,500 dola nan finansman alontèm, san enterè ak yon sibvansyon 160,654 dola WIIA pou amelyorasyon nan sistèm dlo ize pou klarifikatè ak rezèv estokaj izin tretman dlo No. 1, konstriksyon yon nouvo rezèv estokaj, amelyorasyon nan rezèwa ak yon kontwòl sipèvizyon ak sistèm akizisyon done.
- **Vilaj Mechanicville nan Konte Saratoga** - 2,925,000 dola nan finansman alontèm, san enterè ak 616,492 dola sibvansyon WIIA pou konsevwa ak pote amelyorasyon nan izin tretman dlo ize.

Angajman New York pou Kalite Dlo

New York kontinye ogmante investisman nan pwojè enfrastrikti pou dlo pwòp. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Bidjè yo Adopte pou 2022-23 a otorize 1.2 milya dola siplemantè, pou yon total 4.2 milya dola, pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik istorik la. Inisyativ istorik sa a, ke elektè yo dwe pran pandan eleksyon jeneral aktyèl la, gen ladan finansman k ap modènize vye enfrastrikti dlo yo epi pwoteje kalite dlo; redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan envesti omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo.

Anplis de sa a, Bidjè a te gen ladan tou yon lòt 500 milyon dola nan finansman enfrastrikti dlo pwòp, k ap mete total investisman Eta a nan dlo pwòp nan 4.5 milya dola depi 2017. Li gen ladan tou 400 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) pou sipòte inisyativ pou diminisyon chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418